


# BABI

## BUBUKA



### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa alat komunikasi nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa, pikeun ngébréhkeun rasa, pikiran, jeung kahayang manusa. Basa mangrupa hiji pakakas komunikasi dina hirup kumbuh di masarakat. Basa nu dipaké tangtuna baé basa anu merenah tur luyu jeung tingkatan anu diajak nyarita, tujuanana sangkan naon rupa anu ditepikeun kaharti ku anu diajak nyarita. Sakumaha pamadegan Sudaryat (1991:1), basa nya éta sistim lambang sora omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan éntép seureuh (sistematis) tur ragem (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi.

Basa téh diwangun ku dua lapisan, nya éta wangun jeung eusi. Lapisan wangun ngawengku dua lapisan, nya éta wangun gramatik anu ngawengku wacana, kalimah, klausa, frasa, kecap, jeung morfém; wangun fonologi anu ngawengku engang, foném, jeung sora. Lapisan eusi mangrupa eusi atawa makna. Wangun katatabasaan dipaluruh ku tata basa anu ngawengku: (1) sintaksis, anu maluruh adegan wacana, kalimah, klausa, jeung frasa (2) morfologi anu maluruh adegan morfém jeung kecap (Sudaryat, 1991:5).

Basa Sunda kudu tetep bisa hirup sangkan bisa nyumponan kana fungsi basa. Alatan kitu, urang salaku manusa anu cicing di Tatar Sunda kudu rumawat kana basa Sunda salaku basa panganteur di lingkungan masarakatna, sangkan basa Sunda bisa hirup sarta mekar. Basa Sunda bisa hirup sarta mekar lamun loba nu makéna, hususna barudak ngora anu jadi sirung bangsa. Ku kituna, sangkan

ningkatkeun kamampuh jeung kaparigelan maké basa Sunda, mangka basa Sunda perlu diajarkeun di sakola formal saperti SMP, hususna dina pangajaran basa ngeunaan kecap panyambung.

Kecap panyambung/*konjungsi* nya éta kecap pancén anu gunana pikeun nyambungkeun babagian kalimah (kecap, frasa, jeung klausa). Ari cicingna dina leunjeuran kalimah nya éta di tengah frasa jeung di awal klausa atawa di awal kalimah jadi panganteur.

Disawang tina fungsi jeung posisina dina kalimah, aya opat rupa kecap panyambung, nya éta:

- 1) Kecap panyambung satata (*konjungsi koordinatif*), anu nyambungkeun babagian kalimah anu satata. Ari cicingna aya di tengah frasa atawa dua klausa bebas.
- 2) Kecap panyambung sumélér (*konjungsi subordinatif*), nu nyambungkeun babagian kalimah anu teu satata, antara indung kalimah (klausa lulugu) jeung sélér kalimah (klausa sélér).
- 3) Kecap panyambung papasangan (*konjungsi korélatif*), anu dipaké pikeun nyambungkeun babagian kalimah anu satata, biasana sok papasangan tur cicingna misah di awal jeung di tengah klausa.
- 4) Kecap panyambung anteuran, anu nyambungkeun kalimah-kalimah dina alinéa atawa paragraf.

Pangajaran basa mangrupa hal nu penting sangkan nambahan pangaweruh pikeun kahirupan nu bakal datang, hususna di lingkungan masarakat. Salasahiji pangajaran basa Sunda di SMP nya éta maham dina ngagunakeun kecap

panyambung. Siswa SMP hususna kelas VIII diperedih sangkan bisa maham jeung bisa ngalarapkeun kecap panyambung.

Modél pangajaran mangrupa padoman keur guru jeung murid dina pelaksanaan prosés diajar-ngajar. Salian ti éta, nurutkeun Joyce & Weil (Rahman,2007:7), modél pangajaran mangrupa perencanaan nu digunakeun dina nyusun kurikulum, ngatur matéri pangajaran, jeung méré pituduh ka guru di kelas dina *setting* pangajaran.

Salah sahiji modél pangajaran nu bisa dipaké dina pangajaran basa nya éta modél pangajaran *Complete Sentence*. Modél pangajaran *Complete Sentence* bisa dijadikeun salah sahiji inovasi pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngalarapkeun kecap panyambung, sabab modél pangajaran jaman kiwari geus teu ngirut siswa. Ku kituna, siswa kadang teu bisa ngalarapkeun kecap panyambung sacara merenah lantaran dianggapna gampang. Modél pangajaran ieu dipiharep bisa éféktif mantuan siswa dina pangajaran basa hususna dina ngalarapkeun kecap panyambung.

Pangajaran basa ngeunaan ngalarapkeun kecap panyambung di SMP baris dipatalikeun jeung modél pangajaran *Complete Sentence*, sangkan ieu pangajaran téh moal jadi masalah upama dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. *Complete Sentence* mangrupa salah sahiji modél pangajaran anu miboga dalapan léngkah pikeun ngahontal tujuan pangajaran hususna dina bahan ajar kecap panyambung.

Aya sababaraha hasil panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Complete Sentence* di antarana baé, (1) “Korélasi antara Pangaweruh jeung Kamampuh Siswa dina Kaparigelan Nulis Sisindiran Ngagunakeun Modél Pangajaran

*Complete Sentence* di Kelas VIII SMP Negeri 4 Cimahi (Yulianur, 2010)”, (2) “Éfektivitas Modél Pangajaran *Complete Sentence* jeung Média Gambar dina Nulis Karangan Éksposisi Murid SMP Negeri 02 Cihampelas Taun Ajar 2006/2007 (Hamidah, 2007)

Panalungtikan kahiji medar modél pangajaran *Complete Sentence* tapi make téhnik korélasi sarta dina pangajaran nulis sisindiran lain dina pangajaran kecap panyambung. Panalungtikan kadua medar éfektivitas modél pangajaran *Complete Sentence* jeung media gambar, ieu panalungtikan téh ngabandingkeun éfektivitas modél pangajaran anu béda dina nulis karangan éksposisi lain dina pangajaran kecap panyambung.

Aya sababaraha skripsi ngeunaan kecap panyambung di antarana baé, (1) “Analisis Kecap Panyambung dina Kolom Prosa Lirik Anaking Jimat Awaking Karangan Wahyu Wibisana pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SLTP (Nurhayati, 2004)”, (2) “Analisis Kecap Panyambung dina Karangan Siswa SMU Yayasan Atikan Sunda (YAS) Bandung (Kalimah, 1999)”. (3) “Kecap Panyambung dina Novél Pipisahan Karya RAF pikeun Bahan Pangajaran Tata Basa Sunda di SPG (Sudaryat, 1986)”. (4) “Kecap Panyambung Sumélér dina Novél Katineung Karangan Holisoh M.E pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP (Sulistina, 2005)”.

Panalungtikan kahiji medar ngeunaan wangun, harti, distribusi kecap panyambung tapi teu maké modél pangajaran *Complete Sentence*. Panalungtikan kadua teu medar modél pangajaran *Complete Sentence* tapi medar kecap panyambung anu mibanda fungsi ngawangun kecap panyambung anu aya dina

karangan siswa SMU Yayasan Atikan Sunda pikeun dijadikeun bahan pangajaran. Panalungtikan katilu teu medar modél pangajaran *Complete Sentence* tapi medar wangun, distribusi, fungsi, harti jeung ciri kecap panyambung. Panalungtikan kaopat teu medar modél pangajaran *Complete Sentence* tapi medar wangun, harti, distribusi kecap panyambung anu aya dina novél pikeun bahan pangajaran.

Panalungtikan ngeunaan éfektivitas modél pangajaran *Complete Sentence* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngalarapkeun kecap panyambung sacara umum can aya nu nalungtik. Ku alatan éta pisan, diayakeun panalungtikan ngeunaan kecap panyambung sacara husus, anu judulna “Modél Pangajaran *Complete Sentence* dina Pangajaran Ngalarapkeun Kecap Panyambung (Studi Kuasi Eksperimén ka Siswa Kelas VIII-8 SMPN 43 Bandung Taun Ajaran 2011/2012)”.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Watesan masalah dina ieu panalungtikan dibutuhkeun pikeun ngaheureutan masalah nu aya tur sangkan panalungtikan bisa dilakukeun sacara sistematis jeung henteu mengpar tina pembahasan.

Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan téh diwatesanan jadi modél pangajaran *Complete Sentence* dina ngalarapkeun kecap panyambung.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh ngalarapkeun kecap panyambung siswa VIII-8 SMPN 43 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Complete Sentence*?
- 2) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh ngalarapkeun kecap panyambung siswa kelas VIII-8 SMPN 43 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Complete Sentence*?
- 3) Naha modél Pangajaran *Complete Sentence* éfektif pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas VIII-8 SMPN 43 Bandung dina ngalarapkeun kecap panyambung?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji éfektivitas modél pangajaran *Complete Sentence* dina ngaronjatkeun kamampuh ngalarapkeun kecap panyambung siswa kelas VIII-8 SMPN 43 Bandung.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) kamampuh ngalarapkeun kecap panyambung siswa kelas VIII-8 SMPN 43 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Complete Sentence*;
- 2) signifikan henteuna kamampuh ngalarapkeun kecap panyambung siswa kelas VIII-8 SMPN 43 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Complete Sentence*; jeung

- 3) efektif henteuna modél pangajaran *Complete Sentence* pikeun ngaronjatkeun kamampuh dina ngalarapkeun kecap panyambung siswa kelas VIII-8 SMPN 43 Bandung.

#### **1.4 Méthode Panalungtikan**

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi éksperimén. Méthode kuasi éksperimén nya éta méthode anu digunakeun ku cara ngayakeun kagiatan percobaan pikeun ningali kalungguhan hubungan kausal antara variabel-variabel anu ditalungtik.

#### **1.5 Mangpaat Panalungtikan**

##### **1.5.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis tina hasil ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun ngeuyeuban pabukon atikan hususna dina widang modél pangajaran;
- 2) muka wawasan élmu pangaweruh nu leuwih jembar ngeunaan modél pangajaran jeung kecap panyambung; jeung
- 3) neuleuman teori jeung aplikasi bahan atawa materi ngeunaan kecap panyambung dina pangajaran basa jeung sastra Sunda.

##### **1.5.2 Mangpaat Praktis**

Ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat ka sakumna unsur anu aya patula-patalina jeung dunya atikan hususna atikan basa Sunda sarta bisa méré kontribusi anu positip pikeun guru, murid, jeung panalungtik.

- 1) Mangpaat pikeun dunya atikan:  
Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa méré sumbangsih kana kamekaran élmu pangaweruh
- 2) Mangpaat pikeun Guru:
  - (1) Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa méré sawangan dina ngagunakeun modél pangajaran *Complete Sentence* dina pangajaran ngalarapkeun kecap panyambung.
  - (2) Ngarojong guru ngalaksanakeun pangajaran ngagunakeun modél nu inovatif nu bisa ngarojong kana prosés diajar.
- 3) Mangpaat pikeun siswa:  
Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh dina ngalarapkeun kecap panyambung.
- 4) Mangpaat pikeun panalungtik
  - (1) Bisa mekarkeun deui pangaweruh jeung pangalaman nalungtikna;
  - (2) Ngaaplikasikeun tiori nu geus kacangking.



